

Eta New York

Pwogram Asistans nan Lwaye pou Ijans

Enfòmasyon pou Lokatè yo – Lis Dokiman ki Nesesè

Pwogram Asistans nan Lwaye pou Ijans nan Eta New York ede fanmi kalifye ki anreta nan peman lwaye yo epi ki gen difikilte finansye akòz COVID-19 epitou ki arisk pou pa gen kay pou yo rete oswa pou vin nan enstabilite nan lojman.

Men sa lokatè yo ap bezwen bay lè y ap aplike nan pwogram nan:

- Idantifikasyon pèsònèl pou aplikan prensipal la (moun ki siyen aplikasyon an) Fòm idantifikasyon akseptab yo se fòm tankou: Yon ID ki gen foto, lisans chofè oswa ID ki pa lisans chofè yo bay nan gouvènman, Kat EBT/Distribisyon Avantaj, bay nan gouvènman, batistè oswa pyès enskripsyon nan lekòl.
- **Nimewo Sekirite Sosyal** nenpòt moun k ap viv nan kay la epi ki te resevwa youn **Moun yo pa bezwen gen yon sityasyon imigrasyon legal pou yo kalifye pou pwogram nan.**
- **Prèw kantite lajan peman lwaye a**, kontra lwaye ki siyen menmsi li ekspire. Si kontra lwaye a pa disponib, lè sa ou kapab montre prèw la avèk yon resi peman lwaye, chèk ki anile oswa chèk postal (money order). Si pa gen dokiman ki disponib, n ap aksepte atestasyon mèw kay la.
- **Prèw ki montre ou abite epi w ap viv nan kay la** – kontra lwaye ki siyen, resi peman lwaye, etadkont labank, kourye postal ki gen non aplikan an, bòdwo asirans, oswa lisans chofè. Prèw yo ta dwe ajou.
- **Prèw revni:**
 - Dokiman ki montre revni ou touche chak mwa pou mwa anvan an, tankou souch chèk peman, verifikasyon depo sou kont labank, lèt avantaj akòz chomaj, oswa lòt prèw;

OSWA

- Dokiman ki montre revni anyèl ou pou ane 2020, tankou yon fòm tak W-2 yon patwon ou ba ou, yon etadkont salè, oswa yon kopi fòm deklarasyon taks sou revni ki ranpli, tankou yon fòm taks 1040, 1040EZ, 1099, oswa lòt prèw revni anyèl pou ane 2020.
- Nou aksepte atestasyon pèsònèl nan yon etadkont revni ki ekri ak siyen nan sèten sikonstans kote dokiman yo pa disponib tankou sèten travay endepandan.
- Kopi bòdwo sèvis gaz oswa kouran elektrik, si w ap aplike pou jwenn èd pou peye pou aryere peman nan sèvis piblik nan menm apatman ou lwe a.

N ap mande aplikan yo pou yo konfime nan dat 13 mas 2020 oswa apre dat sa a, yon moun k ap viv nan kay la te resevwa avantaj akòz chomaj oswa te fè gen yon rediksyon nan revni fanmi an oswa lòt difikilte finansye, dirèkteman oswa endirèkteman, akòz pandemi COVID-19. Aplikan an ap bezwen siyen fòm aplikasyon an ak sètifika asosye yo pou li aksepte enfòmasyon li bay yo nan aplikasyon an se enfòmasyon ki egzistat.

Biwo pou Asistans Pwovizwa ak Asistans pou Moun Andikape 2 août 2021